



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

SIGIT kepingin dadi PRAJURIT

Sigit Ingin Menjadi Prajurit

Penulis: Arifina Santiatmaja
Ilustrator: Hani Nabila Suryani





KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023



SIGIT *kepengin dadi* PRAJURIT

Sigit Ingin Menjadi Prajurit

Penulis: Arifina Santiatmaja
Ilustrator: Hani Nabila Suryani
Penerjemah: Arifina Santiatmaja

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh Pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat surel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Sigit Ingin Menjadi Prajurit (Sigit Kepengin Dadi Prajurit)

Penulis : Arifina Santiatmaja

Ilustrator : Hani Nabila Suryani

Penerjemah : Arifina Santiatmaja

Penyunting : Mulyanto

Penata Letak : Hani Nabila Suryani

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-617-7 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 20/34 dan Delight Snowy.

ii, 24 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi



Jugg...juggg...juggg....

Sigit mlayu sipat kuping tumuju ngomahé. Playuné banter kaya dioyak macan, tanpa nolèh ngiwa nengen. Bareng tekan ngomahé, Sigit njujug kulkas, njupuk banyu putih banjur ngombé.

Sajakké dhèwèké ngelak tenan. Kringeté dlèwèran, ambegané menggèh-menggèh. Dhèwèké ora krasa yèn sandhalé ilang siji. Banyu sak botol mineral kuwi mèh entèk diombé. Sigit banjur agé-agé arep mlayu manèh.

Dhèwèké ora ngerti yèn nèng mburiné ana biyungé. Biyung nyawang kanthi kebak pitakonan. Ngerti Sigit mbukak kulkas lan ngombé akèh, biyung mung meneng. Dhèwèké ngentèni Sigit rada lerem anggoné menggèh-menggèh.

Wuss... wuss... wuss....

Sigit berlari kencang menuju rumahnya. Larinya seperti dikejar harimau, tanpa menoleh ke kanan dan kiri. Sesampainya di rumah, Sigit menuju kulkas, mengambil sebotol air putih dan langsung meminumnya.

Sepertinya dia sangat haus. Keringatnya mengalir deras, napasnya terengah-engah. Dia tidak menyadari kalau sandalnya hilang sebelah. Air sebotol mineral itu hampir habis diminumnya. Dengan terburu-buru, dia bergegas untuk pergi.

Dia tidak sadar bahwa di belakangnya ada bunda. Bunda mengamati Sigit penuh tanda tanya. Mengetahui Sigit membuka kulkas dan minum banyak, bunda hanya diam. Dia menunggu Sigit hilang lelahnya.

Weruh Sigit njanthal
mlayu metu manèh.
biyungé takon semu
mbengok.

“Giiit... Sigittt...
kowé arep nèng ngendi?”
bengoké biyung.

Tanpa nолèh Sigit
semaur, “Sik Biyung...
arep nonton karnaval.”

“Aja soré-soré yèn
bali...!” biyung kepeksa
ora nerusaké tembungé.

Begitu melihat Sigit
berlari keluar, bunda
bertanya setengah berteriak.

“Giiit... Sigitt... kamu mau
ke mana?,” teriak bunda.

Tanpa menoleh Sigit
menjawab, “Sebentar Bun,
mau nonton karnaval”

“Jangan terlalu sore
ya pulangnye...!” bunda
terpaksa tidak melanjutkan
kata-katanya.



Sak klébatan Sigit wis ilang saka pandulu. Biyungé mung bisa gèdhèk-gèdhèk. Biyung énggal njupuk banyu sisané Sigit kuwi mau saperlu dikebaki manèh.

Biyung wis bisa mbedhèk kuwi karnaval apa. Kuwi mesti karnaval prajurit kraton. Biyung ngerti yèn Sigit seneng banget karo prajurit kraton. Kepara Sigit asring crita. Bésok yèn uwis gedhé dhèwèké kepéngin dadi prajurit.

Saking kepenginé dadi prajurit kraton, kamaré wis dikebaki gambar-gambar prajurit. Kejaba kuwi, Sigit nganti apal manéka bregada prajurit Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat.

Dalam sekejap Sigit sudah hilang dari pandangan. Bunda hanya bisa menggeleng-gelengkan kepalanya. Dia segera mengambil botol bekas minum Sigit tadi untuk dicuci dan diisi kembali.

Bunda sudah bisa menebak itu karnaval apa. Itu pasti karnaval atau pawai prajurit keraton. Bunda tahu bahwa Sigit suka sekali dengan prajurit keraton. Sigit sering bercerita bahwa kelak kalau sudah dewasa dia ingin menjadi prajurit keraton.

Begitu kuat keinginannya untuk menjadi prajurit, kamarnya penuh dengan gambar-gambar kesatuan prajurit keraton. Selain itu, Sigit sampai hafal semua nama kesatuan prajurit Keraton Yogyakarta.



Huu... huuu... huuu...

Sigit nangis nggero-nggero. Tangisé ora lèrèn-lèrèn wiwit mlebu saka ngarep lawang mau. Biyungé sing lagi masak ing pawon kagèt. Ora biasané Sigit bali saka sekolah kok nangis kaya ngono kuwi.

Agé-agé Biyungé methuki Sigit sing lagi ndèlèhké tasé ing méja belajaré. Pundhaké Sigit dielus-elus.

“Kena apa to kowé lé? Kok nangis?” pitakoné biyung.

Huu...huu...huuu

Sigitmenangistersedu-sedu. Tangisannya tidak berhenti sejak dia masuk rumah tadi. Bunda yang sedang memasak di dapur pun kaget. Tidak biasanya Sigit pulang sekolah lalu menangis seperti itu.

Bunda bergegas menemui Sigit yang sedang menaruh tasnya di meja belajar. Pundak Sigit ditepuk-tepuk perlahan.

“Ada apa, Nak? Mengapa menangis?,” tanya bunda dengan

“Huu... huuu... huuuu....”

Ditakoni kaya ngono kuwi tangisé Sigit tansaya ndadra. Biyungé sabar. Sakwisé diajak lungguh, Biyung njupuk segelas banyu putih banjur diwènèhké Sigit. Sigit nampa gelas kuwi banjur diombé nganti entèk.

Sakwisé rada sarèh, Sigit nuli cerita yèn atiné kelara-lara. Dhèwèké dipoyoki lan diina kanca-kancané. Wiwitané dhèwèké isih sabar nanging banjur ora kuwat. Dhèwèké mbrambangi lan nangis.

Dina kuwi ana mata pelajaran Bahasa Indonésia kanthi téma “Cita-Citaku.” Bu Siti paring dhawuh supaya para siswa maju nyritakaké cita-citané. Tekan gilirané Sigit, dhèwèké crita kanthi semangat yèn besok uwis gedhé kepéngin dadi prajurit kraton.

Huu... huuu... huuu...

Pertanyaan Bunda tersebut justru membuat tangisan Sigit semakin menjadi-jadi. Bunda pun bersabar. Setelah Sigit diajak duduk, Bunda mengambil segelas air putih kemudian diberikan kepada Sigit. Sigit menerima uluran tangan Bunda dan langsung meminum air itu sampai habis.

Setelah tenang, Sigit kemudian bercerita bahwa dia sakit hati karena diejek dan dirundung oleh teman-temannya. Pada awalnya dia masih bisa bersabar. Namun, lama-lama dia tidak kuat. Matanya mulai berkaca-kaca kemudian menangis.

Hari itu ada pelajaran Bahasa Indonesia dengan tema “Cita-citaku.” Bu Siti meminta siswa untuk maju satu per satu menceritakan cita-citanya. Sampai pada giliran Sigit, dia bercerita dengan penuh semangat bahwa kelak kalau sudah besar, dia ingin menjadi prajurit keraton.

Krungu critané Sigit, kanca-kancané padha nggeguyu. Mliginé kanca-kancané sing lanang. Mèh kabèh pada ngguyu sora. Kepara ana sing ngeloké Sigit kanthi tembung “cébol”.

Kuwi amarga dedeg piadegé Sigit sing cendhèk lan kuru. Sigit pancèn bocah sing paling cilik dhéwé neng kelasé. Amarga kuwi, kanca-kancané asring meksa Sigit lungguh ing kursi ngarep dhéwé.

Sigit uga asring dipoyoki kanca-kancané. Dhèwèké dilokké jaré kaya gantungan kunci, cébol, mlenik, lan liya-liyané. Biasané Sigit nanggapi kuwi mau kanthi kepénak lan ora nesu. Éwasemana kedadéyan ésuk mau gawé atiné Sigit kelara-lara.

Dhèwèké rumangsa cuwalanisin amarga angengen dadi prajurit kraton bakal muspra. Biyung midhangetaké critané Sigit kanthi permati.

Mendengar cerita Sigit, teman-temannya tertawa. Terutama temannya yang laki-laki. Lebih menyakitkan lagi, ada yang berteriak mengatakan “si kerdil”. Itu karena postur tubuh Sigit yang relatif lebih pendek dan lebih kurus daripada teman-temannya. Ya, Sigit memang anak paling kecil di kelas itu. Karena itulah, teman-temannya kadang memaksa Sigit untuk duduk di kursi paling depan.

Sigit juga sering diolok-olok teman-temannya dengan sebutan “gantungan kunci”, “si kerdil,” “si mungil,” dan sebagainya. Biasanya Sigit menanggapi candaan teman-temannya tersebut dengan santai dan tidak marah. Namun, kejadian pagi tadi membuat hati Sigit terasa begitu sakit.

Dia merasa kecewa dan malu. Harapan dan impian untuk menjadi prajurit keraton seakan-akan musnah tak berbekas. Bunda mendengar cerita Sigit dengan tenang dan penuh perhatian.



“Wah... mesakké putrané Biyung sing nggantheng déwé iki,” kandhané Biyung ngajak guyon.

Sigit wiwit sarèh lan gelem mèsèm sithik.

“Lé, Sigit bocah bagus, kowé aja kuwatir. Kowé kuwi isih cilik, kasebut isih “bocah” durung “remaja” amarga durung pubertas,” kandhané biyung.

Sigit nyawang biyungé kanthi tesmak.

“Aduh, kasihan sekali anaknya Bunda yang paling ganteng ini,” kata bunda mencoba untuk bercanda.

Sigit mulai tenang dan mulai sedikit tersenyum mendengar kata-kata bunda.

“Nak, Sigit yang paling ganteng, tidak perlu khawatir. Kamu itu masih kecil, masih disebut “anak-anak” belum “remaja” karena belum mengalami pubertas,” kata bunda lagi.

Sigit memandang bunda dengan saksama.

“Pubertas niku napa?” pitakoné Sigit mungkas ngendikané biyung.

“Pubertas kuwi prosès owah-owahan awak saka bocah dadi diwasa. Kuwi fase sing biasané dilakoni bocah umur 10 nganti 16 taun,” ngendikané biyung.

Sigit manthuk-manthuk.

“Mas Sigit rak isih durung ana 10 taun, ta? Dadi aja kuwatir.” Biyung ngarih-arihi Sigit.

“Pubertas itu apa, Bun?” tanya Sigit memotong kata-kata bundanya.

“Pubertas itu proses perubahan fisik dari anak-anak menjadi dewasa. Fase tersebut biasanya dialami oleh anak usia 10 sampai dengan 16 tahun,” jawab bunda.

Sigit mengangguk-angguk.

“Mas Sigit kan belum ada 10 tahun, kan? Jadi tidak perlu khawatir, masa itu belum datang,” kata bunda lagi membuat Sigit tenang.



PUBERTAS



“Nanging pripun menawi kula mbénjing mboten ageng, Yung?,” Sigit isih takon.

“Kowé ngerti Mas Bayu kaé?” pitakoné biyung ngelingaké Sigit karo Mas Bayu. Bayu iku tanggané Sigit, sing saiki wis kelas 3 SMA.

“Mas Bayu kaé mbiyèn ya cilik, ora beda karo kowé. Coba sawangen saiki? Gedhé dhuwur, ta? Kepara saiki biyung krungu dadi atlèt baskèt nèng sekolahé,” ngendikané biyung manèh.

“Ning ya kuwi, lé. Yèn mbesuk pas pubertas kowé péngin gedhé dhuwur ana syaraté,” biyung nerusaké ngendikané sinambi mèsèm.

“Tetapi... bagaimana kalau aku besok tidak besar dan tinggi, Bun?” tanya Sigit lagi.

“Kamu lihat Mas Bayu kan?” tanya bunda mengingatkan Sigit pada Mas Bayu, tetangga mereka yang sekarang duduk di bangku kelas 3 SMA.

“Mas Bayu dulu juga kecil mungil, sama dengan kamu. Tetapi coba lihat sekarang? Tinggi besar, kan? Bahkan bunda dengar katanya sekarang menjadi atlet basket di sekolahnya,” kata bunda lagi.

“Tetapi ya itu, Nak. Kalau besok kamu mengalami pubertas dan ingin tumbuh besar dan tinggi, ada syaratnya,” kata bunda sambil tersenyum penuh arti.

“Syaraté napa, Yung?”
Sigit takon sajak ora sabar.

“Syaraté, siji, mas Sigit kudu gelem mangan panganan sing séhat lan akèh giziné. Loro, kudu sregep olahraga lan kaping telu, Mas Sigit uga kudu istirahat sing cukup. Yèn bobok aja wengi-wengi.”

Krungu ngendikané biyungé, Sigit manthuk-manthuk. Dhèwèké yakin menawa syarat-syarat saka biyung kuwi bisa dilakoni. Dhasaré Sigit kuwi bocah sing temen lan seneng bal-balan.

“Syaratnya apa, Bun?,” tanya Sigit dengan tidak sabar.

“Syaratnya, satu, Mas Sigit harus mau makan makanan yang sehat dan bergizi. Dua, harus rajin berolahraga, dan yang ketiga... Mas Sigit harus beristirahat dengan cukup. Kalau tidur jangan terlalu malam.”

Mendengar kata-kata bunda, Sigit mengangguk-angguk. Dia yakin bahwa syarat-syarat dari bunda tersebut bisa dijalankannya. Memang pada dasarnya Sigit adalah anak yang rajin dan suka bermain sepak bola.



Thinnn... thiiin...
thiiiiin...

Sigit njranthal mlayu metu ngomah sakwisé krungu suara bèl sepédha motor saka ngarepan. Mak jegagig, playuné Sigit sak nalika mandheg bareng weruh sapa sing nèng ngarepan kuwi. Ana wong lanang gagah sing lagi nuntun sepédha motor sing nggembos bané.

Dudu ban nggembos kuwi sing gawé Sigit kagèt amarga pancèn bapaké Sigit mbukak tambal ban, nanging panyandhangé wong lanang kuwi mau.

Priyayi kuwi nganggo seragam prajurit Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Sigit rada kamitenggengen nyawang dhèwèké isa cedhak banget karo priyayi kuwi.

Din... Din... Din...

Sigit berlari keluar dari rumah begitu mendengar suara klakson sepeda motor di halaman. Tiba-tiba langkah kaki Sigit terhenti begitu melihat siapa yang ada di depannya itu. Ada seorang laki-laki gagah sedang mendorong sepeda motor yang bannya bocor.

Bukan ban bocor tersebut yang membuat Sigit kaget bukan kepalang. Ayah Sigit memang membuka usaha tambal ban di depan rumahnya. Namun, pakaian laki-laki tersebut membuat Sigit terpana.

Lelaki itu memakai pakaian prajurit Keraton Yogyakarta Hadiningrat! Sigit mematung, bengong tidak bergerak, seperti tidak percaya dengan apa yang dilihatnya.

“Mas, Bapak ana? Iki banku bocor, isa nambal ban ta?” pitakoné priyayi kuwi kanthi alus lan perbawa.

“Oh... éé.. nggih pak, wonten. Sekedhap kula matur nggih,” jawabé Sigit rada grogi banjur mlayu mlebu ngomah. Ora sawatara suwé bapaké metu lan aruh-aruh priyayi kuwi mau. Bapaké Sigit agé-agé nata alat-alat tambal ban lan nggarap sepédha motor sing nggembos kuwi.

Sigit isih ngadeg ing papan kana sajak tesmak anggoné nyawang penganggon priyayi kuwi. Bapaké Sigit nolèh lan alok,

“Pak, niku laré kula remen sanget kaliyan prajurit kraton. Menawi kersa mbok sampéyan critani. Sanjagé mbéjjang kepéngin ngabdi dados prajurit kraton.”

“Mas, bapak ada? Ini ban saya bocor. Bisa menambalkan?” tanya laki-laki tersebut dengan sopan, lembut, dan berwibawa.

“Oh...eh.. eee... ya pak, ada. Seb...seb..sebentar ya!” jawab Sigit terbata-bata. Ia segera lari ke dalam untuk memanggil ayahnya. Tak lama ayah Sigit keluar dan menyapa laki-laki tersebut. Ia segera menyiapkan alat-alat tambal ban dan mengerjakan proses menambal ban.

Sigit masih berdiri di tempat itu. Matanya tidak bisa lepas dari pakaian yang dipakai oleh laki-laki tersebut. Ayah Sigit melirikinya dan berkata,

“Pak, itu anak saya senang sekali dengan prajurit keraton. Maaf, misal berkenan, tolong diberi tahu Pak, seperti apa prajurit keraton itu. Katanya dia besok ingin menjadi prajurit juga.”

Priyayi kuwi mèsèmlan nyawang Sigit, “Iya po, cah bagus?” Sigit manthuk mantep. Priyayi sing asmané Pak Gito kuwi banjur ngajak Sigit lungguh lan crita perkara bregada prajurit Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat.

Dhèwèké crita menawa saiki kraton duwé 10 bregada rata-rata saben bregada duwé kurang luwih 60 prajurit.

“Cah bagus, kowé ngerti jenengé prajurit-prajurit kuwi?” pitakoné pak Gito sajak ngetès Sigit.

“Ngertos, Prajurit Wirabraja, Prajurit Dhaèng, Prajurit Patahpuluh, Prajurit Jakarya, Prajurit Prawiratama, Prajurit Ketanggung, Prajurit Nyutra, Prajurit Mantrijero, Prajurit Surakarsa, lan Prajurit Bugis,” jawabé Sigit yakin. Pak Gito mèsèmlan manthuk-manthuk.

Laki-laki itu tersenyum dan melihat Sigit. “Betulkah anak ganteng?” Sigit mengangguk dengan mantap. Laki-laki yang bernama Pak Gito tersebut kemudian mengajak Sigit duduk dan dia mulai bercerita tentang prajurit Keraton Yogyakarta.

Ia bercerita bahwa saat ini Keraton Yogyakarta memiliki 10 kesatuan atau bregada. Setiap kesatuan berisi sekitar 60 prajurit.

“Nak, tahukah kamu nama-nama kesatuan tersebut?” Pak Gito bertanya seakan menantang Sigit untuk menjawabnya.

“Tahu pak, Prajurit Wirabraja, Prajurit Dhaèng, Prajurit Patahpuluh, Prajurit Jakarya, Prajurit Prawiratama, Prajurit Ketanggung, Prajurit Nyutra, Prajurit Mantrijero, Prajurit Surakarsa, dan Prajurit Bugis,” jawab Sigit dengan yakin. Pak Gito tersenyum sambil mengangguk-angguk.



“Siji manèh, cah bagus. Sing daknggo iki sandhangan prajurit apa?” pitakoné Pak Gito maneh.

“Eee... menika Prajurit Surakarsa, wonten ing upacara Garebeg nggadhahi tugas njagi gunung ingkang dipunbekta wonten Masjid Gedhé. ‘Sura’ menika wani lan ‘karsa’ menika kersa utawi kekarepan, dados ‘Surakarsa’ menika satria ingkang gagah prakosa kanthi ancas supados tansah njagi kaslametanipun Adipati Anom,” jawabe Sigit rada dawa.

Pak Gito kaget banjur keplok-keplok sajak gumun. Atiné bungah banget amarga isih ana bocah sing tresna marang budaya Jawa lan kepengin ngabdi dadi prajurit kraton.

Sigit mung bisa mèsèmi kanthi ati kang mongkog. Lagi pisan iki dhèwèké dialem ngono kuwi.

“Satu lagi, anak ganteng. Yang kupakai ini pakaian prajurit apa?” tanya Pak Gito lagi.

“Eee... itu pakaian seragam Prajurit Surakarsa, dalam upacara Garebeg punya tugas untuk menjaga Gunung yang dibawa ke Masjid Gede Kauman. ‘Sura’ itu artinya berani dan ‘karsa’ itu artinya kemauan, jadi ‘Surakarsa’ itu artinya kesatria yang gagah berani dengan tujuan untuk menjaga keselamatan Adipati Anom,” jawab Sigit agak panjang.

Mendengar itu, Pak Gito kaget dan bertepuk tangan dengan raut wajah kagum. Hatinya bangga sekali karena masih ada anak yang mencintai budaya Jawa dan ingin menjadi prajurit keraton.

Sigit hanya tersenyum dengan bangga. Baru kali ini dia dipuji sebegitu rupa.

“Wah... putrané sampeyan jos niki, Pak, pinter tenan. Mug-mugi mbénjang kalampah dados prajuritnggih,” ngendikané Pak Gito marang bapaké Sigit. Bapaké Sigit mung mesem lan manthuk.

“Nganu, ning kula mboten gedhé dhuwur niku pripun?” dumadakan Sigit takon semu wedi. Kèlingan kandhané kanca-kancané.

Pak Gito ngelus sirahé Sigit kanthi kebak rasa tresna kayadéné bapak marang anaké.

“Aja kuwatir, cah bagus. Sing penting nèng njeron atimu kéné iki wis duwe rasa tresna. Kuwi dadi modhal sing utama, sing dadi piandelmu,” ngendikané Pak Gito.

“Wah, anak Bapak ini luar biasa, Pak, pandai sekali. Semoga kelak terwujud cita-citanya untuk menjadi prajurit keraton ya pak,” kata Pak Gito pada ayahnya Sigit. Ayah Sigit hanya tersenyum dan mengangguk.

“Tetapi...kalausayatidak tinggi bagaimana, ya? Apakah bisa menjadi prajurit?” tiba-tiba Sigit bertanya dengan takut-takut. Dia tidak bisa menyembunyikan kekhawatirannya apalagi dia ingat kata teman-teman sekolahnya.

Pak Gito membelai kepala Sigit dengan penuh kasih sayang layaknya ayah kepada anaknya sendiri.

“Jangan khawatir, anak pintar. Yang penting di dalam hatimu ini sudah memiliki rasa cinta. Itu yang akan menjadi modal utama, yang menjadi senjatamu,” kata Pak Gito.

“Yèn kowé tresna marang budaya Jawa, lan tansah gelem nguri-nguri, Gusti Allah kuwi ora saré. InsyaAllah bakal akèh kalakoné. Perkara fisik utawa awakmu, yèn sregep olahraga, mangan panganan sing akeh giziné, lan cukup istirahaté, mesti bakal gedhé lan dhuwur. Lan sing penting, séhat,” ngendikané Pak Gito manèh.

Lho? Kok persis ngendikané Biyung? Batiné Sigit rada nggumun. Dhèwèké mung bisa manthuk lan mèmsem. Sakwisé mbayar biaya tambal ban, Pak Gito ngulungi dhuwit èketan èwu marang Sigit.

“Jika kamu mencintai budayamu, budaya Jawa dan mau melestarikannya, tentu Tuhan tidak tidur. Insyaallah, akan terwujud cita-citamu. Kalau soal tinggi, itu kan soal fisik, kalau rajin olahraga, makan makanan yang bergizi, dan cukup istirahat, tentu kamu akan tumbuh tinggi dan besar. Nah, yang penting adalah sehat,” panjang lebar Pak Gito memberi nasihat.

Wah, kok sama persis kata-kata Bunda? Dalam hati Sigit seakan tidak percaya. Dia hanya bisa tersenyum dan mengangguk. Setelah membayar biaya tambal ban, Pak Gito mengulurkan tangannya pada Sigit. Ada lembaran lima puluh ribuan di tangannya.

“Cah bagus, iki dinggo tuku susu. Pakdhé seneng bisa ketemu bocah pinter lan tresna marang budaya kaya kowé. Pakdhé melu ndedonga muga-muga kepénginanmu dadi prajurit bakal kelakon,” ngendikané Pak Gito karo ngeslah sepédha motoré.

Sigit nampa dhuwit kuwi mau karo ngaturaké panuwun. Dhuwit kuwi ora bakal ditukokké susu, nanging bakal dipasang nèng kamaré kanggo nambahi semangaté dadi prajurit. Sigit kepéngin dadi prajurit.

“Anak ganteng, ini untuk kamu beli susu. Pakde senang sekali bisa bertemu dengan kamu, anak yang pandai dan mencintai budaya sendiri. Pakde ikut mendoakan semoga cita-citamu menjadi prajurit akan terwujud kelak,” kata Pak Gito sambil menyalakan motornya.

Sigit menerima uang tersebut dengan tidak lupa mengucapkan terima kasih. Uang itu tidak akan dia belikan susu. Namun, dia akan menyimpan, bahkan tempelkan di dinding kamarnya untuk menambah semangat mewujudkan cita-citanya menjadi prajurit. Ya, Sigit ingin menjadi prajurit.



Biodata

Penulis



Lahir di Sukoharjo, Jawa Tengah, Arifina Santiatmaja menempuh pendidikan SD hingga SMA di kota makmur tersebut sebelum pindah ke Yogyakarta dan menimba ilmu di Jurusan Pendidikan Bahasa Inggris, Universitas Negeri Yogyakarta. Penulis aktif di dunia tulis menulis sejak kecil. Beberapa kali menjadi juara menulis puisi dan cerita pendek. Ketika kuliah, ia aktif di Teater Relung. Pemilik merk jilbab “Shara Hijab” ini juga aktif di bisnis online yang kini merambah kuliner dengan brand “Your Kitchen.” Setelah menikah kini penulis menetap di Banguntapan, Bantul.

Ilustrator



Hani Nabila Suryani, seorang mahasiswi asli Semarang kelahiran tahun 2000 yang sedang menempuh pendidikan di bidang Farmasi. Menggambar merupakan salah satu hobinya sedari kecil hingga membuat akun instagram berisi ilustrasi yaitu @tatimoen. Hobi menggambar yang mengantarnya ke dunia ilustrasi buku anak dan ingin menyelami lebih dalam. Jika ingin berkenalan lebih dekat dapat menghubungi email tatimoendrawing@gmail.com.

Penyunting



Mulyanto merupakan pengelola Jurnal Kebahasaan dan Kesastraan Widyaparwa sejak tahun 2016 hingga saat ini. Tugas-tugasnya dalam pengelolaan majalah ilmiah yakni sebagai editor (editor bagian, penyunting, penata letak, dan penyelaras akhir), sempat juga membuat beberapa karya tulis. Sejak tahun 2007 ia juga menjadi penyuluh bahasa di wilayah tempat kerjanya. Saat ini ia memiliki tugas utama sebagai pengelola Uji Kemahiran Berbahasa Indonesia (UKBI) di wilayah Daerah Istimewa Yogyakarta dengan melakukan sosialisasi, pendampingan, pengawasan, dan penilaian tes. Bagi sahabat yang ingin berkomunikasi secara personal dapat menghubungi posel mulyanto.ms@gmail.com. Bagi sahabat yang ingin mengikuti tes UKBI dapat membuka laman ukbi.kemdikbud.go.id.

MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Sigit adalah seorang anak berusia 9 tahun. Ia bercita-cita menjadi prajurit kraton. Suatu hari, Sigit diminta untuk menceritakan cita-citanya di depan kelas. Teman-temannya tertawa dan mengejek Sigit ketika mendengar bahwa Sigit ingin menjadi prajurit keraton. Sigit menangis setelah pulang sekolah. Mengapa Sigit bercita-cita menjadi prajurit? Akankah Sigit mengubah cita-citanya?

ISBN 978-623-112-617-7 (PDF)



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023**